

<b>habitat</b>	<b>abita</b>	espas kote yon òganis ap viv epi pwokite kalite manje, refij, imidite ak tanperati ki nesèsè pou siviv.
<b>half-life</b>	<b>demi-vi</b>	tan mwatye yon atòm ki nan yon izotòp pran pou li dekonpoze.
<b>haploid</b>	<b>haployid</b>	selil ki gen mwatye kantite kwomozòm tankou selil kò.
<b>hardness</b>	<b>dite</b>	mezi fasilite yon mineral ka grate.
<b>hazardous wastes</b>	<b>dechè danjere</b>	dechè, tankou pestisid ak penti ki rete, ki nuizib pou sante moun oswa ki reprezante pwazon pou òganis vivan yo.
<b>heat engine</b>	<b>motè tèmik</b>	aparèy ki konvèti enèji tèmik an travay.
<b>heat of fusion</b>	<b>chalè fizyon</b>	kantite enèji ki nesèsè pou chanje yon sibstans solid an likid.
<b>heat of vaporization</b>	<b>chalè vaporizasyon</b>	kantite enèji ki nesèsè pou likid ki nan tanperati pou bouyi tounen yon gaz.
<b>heat</b>	<b>chalè</b>	enèji tèmik ki sikile ant yon sibstans ki cho anpil ak yon sibstans ki frèt anpil.
<b>hemoglobin</b>	<b>emoglobin</b>	pwodui chimik nan globil wouj yo ki mennen oksijèn poumon yo nan selil kò a, epitou ki retounen kèk dyoksid kabòn selil kò a nan poumon yo.
<b>herbivore</b>	<b>èbivò</b>	zannimo ki manje plant oswa pati nan plant sèlman; mamifè ki gen gwo premolè ak molè pou manje plant sèlman.
<b>heredity</b>	<b>eredite</b>	pasaj karakteristik paran ba pwojeniti.
<b>hermaphrodite</b>	<b>èmafwodit</b>	zannimo ki pwodui espèm ak ze nan menm kò a.
<b>heterogeneous mixture</b>	<b>melanj etewojèn</b>	yon melanj ki pa egal epi chak konpoze konsève pwòp

		pwopriyete yo.
<b>heterozygous</b>	<b>etewozigòt</b>	dekri yon òganis ki gen de (2) alèl diferan pou yon karakteristik.
<b>hibernation</b>	<b>ibènasyon</b>	adaptasyon konpòtman pou siviv nan sezon livè kote aktivite yon zannimo diminye anpil, tanperati kò li bese epi pwosesis kò li ralanti.
<b>homeostasis</b>	<b>omeyostazi</b>	règleman entèn yon òganis, kondisyon pou antreteni lavi.
<b>hominid</b>	<b>ominide</b>	primat tankou moun ki te parèt depi 4 a 6 milyon ane apeprè, ki te manje plant ak vyann epi ki te mache dwat sou de (2) janm.
<b>Homo sapiens</b>	<b>omo sapyens (Homo sapiens)</b>	premye moun ki te evolye nan Kwomagnon.
<b>homogeneous mixture</b>	<b>melanj omojèn</b>	solid, likid oswa gaz ki gen de (2) oswa plis sibstans ki melanje egal toupatou.
<b>homologous</b>	<b>omològ</b>	pati kò ki sanblab nan estrikti ak orijin epi ki ka sanblab nan fonksyon.
<b>homozygous</b>	<b>omozigòt</b>	dekri yon òganis ki gen de (2) alèl ki menm pou yon karakteristik.
<b>horizon</b>	<b>orizon</b>	chak kouch nan pwofil yon tè-orizon A (kouch tè anwo), orizon B (kouch nan mitan), ak orizon C (kouch anba).
<b>hormone</b>	<b>òmòn</b>	nan moun, se sibstans chimik sistèm endokrin nan pwodui; sibstans sa a degaje dirèkteman nan kouran sangen an gras a glann endokrin yo; li afekte tisi sib yo epi li ka aktive oswa diminye aktivite selil yo.
<b>host cell</b>	<b>selil ot</b>	selil vivan kote yon viris

		ka miltipliye aktivman oswa kote yon viris ka kache jouk lè estimilis ki nan anviwònman an aktive yo.
<b>hot spot</b>	<b>pwen cho</b>	rezilta yon zòn ki pa abitye cho nan limit manto ak nwayo tè a ki fòme vòlkan lè wòch fonn yo fòse monte anwo epi kase atravè kwout la.
<b>humidity</b>	<b>imidite</b>	kantite vapè dlo ki gen nan lè a.
<b>humus</b>	<b>imis (angrè natirèl)</b>	matyè òganik koulè sonm ki dekonpoze epi ki pwodui sibstans nitritif pou plant yo; yo jwenn li sitou nan kouch arab la.
<b>hurricane</b>	<b>ouragan</b>	gwo tanpèt vyolan ki fòme sou oseyan twopikal yo, ki gen van k ap soufle omwen a 120 kilomèt pa èdtan, epi ki pèdi fòs lè li rive sou tè.
<b>hybrid</b>	<b>ibrid</b>	yon pwojeniti ki te resevwa diferan enfòmasyon jenetik pou yon karakteristik nan chak paran.
<b>hydrate</b>	<b>idrat</b>	konpoze ki gen dlo ki asosye ak iyon li yo chimikman epi ki ekri selon fòmil chimik li.
<b>hydrocarbon</b>	<b>idwokabi</b>	konpoze ki satire oswa ki pa satire ki gen sèlman kabòn ak atòm idwojèn.
<b>hydroelectricity</b>	<b>idwo- elektrisite</b>	elektrisite ki pwodui nan enèji chitdo.
<b>hydronium ions</b>	<b>iyon idwonyòm</b>	iyon $H_3O^+$ ki fòme lè yon asid disoud nan dlo ak lè iyon $H^+$ aji nan dlo.
<b>hydrosphere</b>	<b>idwosfè</b>	tout dlo ki sou sifas latè.
<b>hyphae</b>	<b>if</b>	mas tib filifòm (an fòm fil) ki gen anpil selil epi ki fòme kò yon chanpiyon.

<b>hypothesis</b>	<b>ipotèz</b>	sipozisyon avanse ki itilize sa w konnen ak sa w obsève.
-------------------	---------------	--